

ORANGE BOARD OF EDUCATION PUBLIC SCHOOL DISTRICT
Administration Building
451 Lincoln Avenue, Orange, New Jersey 07050

26 Avril 2022

Apèl pou Prezans
6:00 p.m.

Orange Preparatory Academy
400 Central Avenue

An konfòmite avèk **Règleman 0162 Konsèy Depatman Edikasyon an ak Lwa sou Reyinyon Piblik Lib, Chapit 231**, sa a se pou anonse ke Reyinyon Piblik Lib Vityèl Chapi 231 Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan ap konvoke avèk avi adekwa. Avi sou reyinyon sa a te afiche nan Biwo Administratif la, nou depoze'l nan Biwo Grefye Vil Orange lan epi nou remèt li bay Transkripsyon Orange, Star Ledger, ak Local Talk.

Konsèy Deapman Edikasyon Vil Orange lan ankouraje patisipasyon ak opinyon manm piblik la nan reyinyon konsèy li yo. Sepandan, an akò avèk Règleman Komisyon Konsèy la, nou p'ap pèmèt atak vèbal kont manm pèsònèl endividyèl yo oswa kont manm nan Komisyon Konsèy la. Nou ankouraje moun yo pou yo adrese Komisyon Konsèy la konsènan kòmantè ki gen rapò avèk atik ajanda a oswa pwoblèm konsènan pwosesis edikasyonèl. Kòmantè piblik yo limite a yon (1) patisipan pou yon dire maksimòm twa (3) minit. Tanpri n'ap avize ou ke, reyinyon sa ap anrejistre epi l'ap difize andirèk atravè entènèt. Konsèy Depatman Edikasyon an remèsye w pou kowoperasyon w.

SALYE DRAPO A

PREZANTASYON YO

Prezantasyon Bidjè 2022-2023 a
Rapò Sipèntandan an, Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Jason E. Ballard, Administratè Bisnis/Sekretè Konsèy Depatman Edikasyon an
Lamont T. Zachary, Administratè BisnisAsistan /Sekretè AsistanKonsèy Depatman Edikasyon an

KÒMANTÈ PIBLIK

Reyinyon Distri yo

PWOCHÈN ORÈ REYINYON YO JAN LI YE ANBA A:

Piblik

- Reyinyon Vityèl Komite Kourikoulòm lan – Madi 26 Avril 2022 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Odyans Bidjè – Madi 26 Avril 2022 a 6:00 pm nan Oditoryòm OPA a

- Reyinyon Vityèl Komite Etablisman yo - Lendi 2 Me 2022 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Relasyon Piblik yo - Madi 3 Me 2022 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Finans lan- Jedi 5 Me 2022 a 5:30 p.m.
- Reyinyon Piblik Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan- Madi 10 Me 2022 a 7:30 p.m., k'ap fèt nan Oditoryòm OPA a, 400 Central Avenue Orange, NJ 07050. Y'ap pran yon ti Pòz a 6:45 pm jiska pa pita ke 7:30 pm

Fèmti

- Reyinyon Vityèl Komite Resous Imèn lan – Lendi 9 Me 2022 a 5:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Règleman yo Vandredi 6 Me a 4:00 pm.

KÒMANTÈ DEPATMAN EDIKASYON YO

**ORANGE BOARD OF EDUCATION PUBLIC SCHOOL DISTRICT
Administrative Office**

451 Lincoln Avenue, Orange, New Jersey 07050

26 Avril 2022

REZOLISYON POU APROUVE BIDJÈ LEKÒL PIBLIK DISTRI ORANJ LAN POU ANE LEKÒL 2022-2023 a

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Lekòl Piblik Distri Orange lan te resevwa Èd Eta li a nan dat 10 Mas 2022 a; epi

ALÒSKE, Distri a te prepare yon bidjè pou ANE FISKAL (FY) 2022-2023 a ki totalize \$116,771,479; epi

ALÒSKE, bidjè pou ANE FISKAL (FY) 2022-2023 a gen ladan yon prelevman taks \$13,023,999, ki pa gen okenn ogmantasyon sou ANE FISKAL (FY) 2021-2022 a. Èd Leta yo te ogmante pa \$9,606,444; epi

ALÒSKE, bidjè ANE FISKAL (FY) 2022-2023 a gen ladan \$250,000 pou depans vwayaj ak \$5,700,000 pou devlopman pwofesyonèl ki dwe fikse, nan moman sa a, kòm maksimòm depans yo pèmèt pou kategori sa yo. Sèl chanjman nan seri maksimòm tolerans la se kòm rezilta nenpòt sibvansyon adisyonèl pou revni espesyal yo resevwa ki gen ladan vwayaj ak devlopman pwofesyonèl yo kòm yon aktivite ki apwouve; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon an otorize yon kantite maksimòm \$1,500 chak ane pou chak anplwaye pou vwayaj biznis sèlman pou apwobasyon Konsèy Depatman Edikasyon Distri a ki pa nesèsè.

KOUNYÈ A, KI DONK, DESZYON PRAN, sou rekòmandasyon Sipèntandan Lekòl yo, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan, pou aksepte epi apwouve bidjè Lekòl Piblik Orange lan pou ANE FISKAL (FY) 2022-2023 a pou yon montan \$116,771,479.00.

LIS APÈL PREZANS LAN		
	WI	NON
David Armstrong		
Guadalupe Cabido		
Samantha Crockett		
Sueann Gravesande		
Derrick Henry		
Siaka Sherif		
Fatimah Turner		
Jeffrey Wingfield Vis Prezidan Konsèy Depman Edikasyon an		
Shawneque Johnson Prezidan Konsèy Depman Edikasyon an		

